# Volgogradta jumıs islep atırǵan jerleslerimiz benen ushırasıw bolıp ótti

Rossiya Federaciyasında waqtınsha jumıs islep atırǵan jerleslerimizdiń mashqalaların úyreniw hám saplastırıwǵa járdemlesiw menen birge olardan xabar alıw maqsetinde Qaraqalpaqstan Respublikası delegaciyası aǵzaları Volgogradqa sapar etti.

Sapar dawamında Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, Bántlik hám miynet qatnasıqarı ministrligi, Sırtqı miynet migraciyası agentligi filialı hám mámleketimizdiń Rostov-Don qalasındaǵı Bas kosulxanası juwapkerlerinen ibarat delegaciya aǵzaları Volgograd gubernatorınıń orınbasarı menen ushırastı. Onda Rossiya  Ózbekstan menen miynet migraciyası tarawında birge islesiwdi keńeytiw táreptarı ekenligi atap ótildi.

Image not found or type unknown

Sonıń menen birge delegaciya aǵzaları nál jetistiriwge qánigelestirilgen «Rostok» kárxanasında islep atırǵan miynet migrantları menen ushırastı.

Ushrasıwda sırt elde miynet etip atırǵan jerleslerimizdi hár tárepleme qollap-quwatlaw, olarǵa imkaniyat hám jeńillikler jaratıw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan jumıslar haqqında maǵlıwmat berildi.

Delegaciya aǵzaları Volgogradtaǵı awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriwge qánigelestirilgen kárxana bolıp, miynet migrantlarınıń jasaw hám jumıs sharayatların úyrendi.

Image not found or type unknown